

AGRIKILTI TA DWE PREMYE SIB NAN DEVLOPMAN AYITI

Emmanuel W. VÉDRINE

(jen 2004)

An repons a yon kòmantè yon zanmi fè sou EDIKASYON, asavwa *sa ta dwe premye bagay esansyèl nan devlopman Ayiti*. M ale pi lwen pou montre se koze *agrikilti* a ki pou ta vin an premye, byenke *edikasyon* enpòtan tou paske vant vid pa aprann byen lekòl. Si w pa manje, tèt ou vid donk ou p ap ka kenbe anyen ladan.

An palan de *edikasyon* –

Pa gen dout ke, nou bezwen yon *edikasyon popilè* e youn nan fason pou fè majorite moun pran konsyans pou kapab dekouvri vrè rasin pwoblèm yo, analize kòz yo epi leve vwa yo pou pote chanjman. *Edikasyon* se yon koze enpòtan nan devlopman Ayiti, men sa depan kijan yon moun ta apwoche sijè sa a. Ayiti p ap fè yon pa kita yon pa nago san yon chanjman radikal nan agrikilti l. Nenpòt vrè ekonomis ki fanmiye ak agrikilti ta di menm bagay la. *Èske n ka gen siksè ak ALFABETIZASYON pandan moun an(n) Ayiti ap mouri grangou? Èske mas pèp la sousye de konn li ak ekri lè l pa ka manje, pa ka jwenn yon travay, pa gen oken aktivite pou l fè lajan?* Repons lan, se NON. Donk, lè yon moun ap suiv de prè sitiwayon politik la an(n) Ayiti, li enpòtan pou l pran nòt pou wè si nenpòt nan lidè yo gen yon plan pou apwoche koze sektè agrikilti a pou kapab pote kèk chanjman.

Yon bonjan korikilòm nan lekòl Ayiti, si tout fwa ta rive gen youn ki ta fè pati de yon refòm nan edikasyon, ta dwe enkli *agrikilti* ladan l kòm youn nan sijè enpòtan pou etidye depi nan matènèl rive nan klas tèminal. Poukisa? *Pi bonè se grammaten*, an tèm edike jèn jenerasyon an e pandan l ap grandi, pou ta vin konsyan de pwoblèm ki an rapò ak agrikilti (tèlke pa egzanp, *debwazman, ewozyon, absans irigasyon nan pifò kote nan peyi a pandan moun ka jwenn dlo prèske tout kote, absans machin tankou yon seri traktè pou ta itilize nan agrikilti*), konnen yo byen epi patisipe pou ede solisyone yo. Elèv pa ta jis chita nan klas epi etidye nan liv kèk espès plant (sa yo ki egziste toujou ak sa yo ki disparèt). Li ta yon bèl ide pou anseye yo kijan pou kreye pepinyè pou ede ak pwojè rebwazman ak enpòtans pou fè sa. Li ta bon pou òganize yon seri *joune* atravè peyi a ak elèv; konsa, yo ta vin familye ak jewografi peyi a olye yo ta jis etidye l nan liv epi yo ta gen yon foto jeneral de pwoblèm peyi a ap konfwonte. Li ta nesèsè pou montre videyo ki an rapò ak sijè a nan saldeklas yo. Nan diskisyon m ak kèk Ayisyen konsènan kou SIVIK, mwen toujou di yo se yon sijè ki poko anseye menm nan lekòl Ayiti. Li pa sifi pou jis ekri kèk paragaf nan yon liv *Civique et morale* (1) pou elèv renmen peyi yo. Fòk ta gen mwayen ki kreye pou angaje yo nan kèk travay depi piti. Nan sa m ekri, mwen sijere ke Ministè Edikasyon Nasyonal ta itilize jou vandredi kòm jou patikilye pou fè aktivite ak elèv ki nan lekòl leta, kote yo te ka òganize joune ak yo, patisipe tou nan nenpòt aktivite leta ta gen pou fè, tankou: *konstriksyon lekòl, lopital, klinik, konstriksyon rezèvwa, konstriksyon wout, plantasyon pyebwa, pwogram kan pou jèn* (kote ta gen atelye patikilye pou y aprann anpil bagay), nenpòt bagay ki ta fè pati devlopman peyi a ak karyè yo demen.

Nan sijè sa a, nou pa ka kite dèyè destriksyon anviwonman an: fè istorik ki gen pou wè avè l, move jesyon l ak reparasyon –

Pwoblèm *destriksyon anviwonman an* an(n) Ayiti kòmanse kòm yon sòt pinisyon pou Endepandans Nouvo Repiblik Nwa a (apre 1804) si yon moun revize ak anpil atansyon istwa peyi a. Dtè Paul Farmer, yon antwopològ e medsen ameriken, mansyone ke nan ane 1824, monachi fransè a (sou lobedyans Charles X) te met presyon sou gouvènman Ayisyen an (prezidan Bwaye alepòk) pou l te peye 150 milyon fran epi Fransè yo ta peye mwatye pou sa ladwann ta chaje. Yo ta fè sa, yon fason pou rekonpanse yo pou plantasyon yon seri kolon fransè ki te pèdi (sètadi ki te boule pandan revolisyon an). Gouvènman ayisyen an alepòk pa t gen lajan; donk fò l te degaje l rapidopresto pou wè kikote l t ap jwenn kòb pou kòmanse peye Lafrans. Donk li te vize *debwazman* forè enpòtan yo kòm sous lajan. Yon kanpay debwazman manch long te kòmanse. Mache ekspòtasyon an an(n) Ayiti vin konvèti bwa an lajan. Se te motè prensipal ki te sèvi gouvènman ayisyen an jeneratè pou te ka kòmanse peye Lafrans. Selon kèk kritik, nan ane 1845 sèlman Ayiti ta vann ak peyi etranje, oubyen ta ekspòte 18,600 mèt kib bwa kajou. Donk la a, nou gen yon ide klè kote istwa debwazman anviwonman Ayiti a kòmanse kòm yon *altènativ douvèti*. Nou di *altènativ* paske gen kritik k ale pi lwen toujou pou di konsa: *yon pi bèl kote istwa sa a ta kòmanse, se ta kontak ak Ewopeyen sou il Ispayola*. Deklarasyon istorik revele ke kolonizasyon ewopeyen yo gen yon gwo efè sou sa nou kiltive. Lè n al pi fon toujou nan istwa, n ap wè efè kolonizasyon ewopeyen yo kote nan kòmansman 18tyèm syèk, esplwatasyon resous forè yo nan Sendomeng (nouvo koloni fransè a), te akselere lè yo fin debwaze mòn yo pou te koupe bwa enpòtan yo. Fò yo te fè sa pou fè plas a lòt tip agrikilti.

Ann fè yon pase sou koze *reparasyon* an –

Evidamman, se pa yon sijè nou ka nye lè nou vin wè efè anpwent li sou agrikilti an(n) Ayiti pase fòk peyi a te kòmanse debwaze pou chèche lajan pou kòmanse peye Lafrans. Donk sou gouvènman Preval ak gouvènman Aristid la, se te youn nan *diskou politik* (nan panse yo) ki ta atire atansyon anpil moun, e sètènman, atansyon yon swadizan *opozisyon* (ki pa t gen lòt altènativ pou Ayiti ke demisyon Aristid). De gouvènman yo, nan yon sans, t ap chèche mwayen vire pinisyon an sou Lafrans lè yo ta reveye ansyen dikton sa a ki di: *Ayiti dwe Lafrans an Lafrans dwe Ayiti*. Aristid, nan kalkilasyon l, ta ale pi lwen (an tèm estatistik) kote l ta mande \$21.7 bilyon pou reparasyon (nan men Lafrans) pou sa Ayiti ta peye apre lendepandans. Vrèmanvre, yon kote, anpil moun ta sipòte sa, e yo ta renmen wè lajan sa a pou ede Ayiti (byenke moun ki konsyan ta penchenk kò yo, yon fason pou ta gen dout sou itilizasyon l si Lafrans ta rive bay li tout bon men an mèm tan, kèk kritik ta wè *diskou reparasyon* an se plis yon fason pou ta eseye fè moun bliye vrè pwoblèm peyi a (tankou: *absans enfrastrikti nan tout nivo ak move jesyon bwat Leta yo*) lè anpil bagay te ka fèt ak yon ti kras kòb e nan yon peryòd de tan byen kout. Yon lòt fason, anpil Ayisyen konnen Lafrans pa t ap bay yon gwo sòm lajan osi fasil konsa nan kad *reparasyon*. Diferan de Preval e Aristid, premye minis Gerard Latortue li menm ta fè yon kout volan diplomatik kote l ta eseye pa reveye chat k ap dòmi, e patikilyèman sou yon okipasyon ke Etazini ak Lafrans inisyè e ap jere. Nan deklarasyon premye minis lan (selon Jounal Reuters, Paris, 12 me) enben l ta fè konnen: *Ayiti pa bezwen reparasyon nan men ansyen mèt li Lafrans men li ta panse pito ke Pari gen yon obligasyon moral pou l mete yon estansyon sou kredi l yo...*

Kontribisyon l ta ka yon liy kredi pou konpayi fransè pou travay enfrastrikti nan domèn enèji oubyen nan sektè konstriksyon wout.

Donk *move jesyon anviwonman an* an(n) Ayiti se pa yon bagay resan lè n analize tout fè istorik sa yo. Pwoblèm nan kòmanse depi sou kolonizasyon Ewopeyen yo kòm mansyone deja. Li enpòtan pou n mansyone kèk pwoblèm tankou *ekoloji* ki an rapò ak sijè n ap debat la. *Sezon sechrès Ayiti* (4), yon woman peyizan, ta kouvri yon bon pati nan pwoblèm ekolojik la kote peyizan yo koupe pyebwa pou fè chabon (pou jwenn lajan) paske akòz absans yon seri danre ki ta ba yo lajan. Chabon konstitiye 80% (katreven pou san) enèji ki itilize nan tout peyi a. Nou gen yon *rate elektrisite* nan kapital la depi digdantan, egzanp yon pwoblèm ki poko janm solisyone malgre monte desann yon dal gouvènman, epi nou gen enjenyè ak teknisyen an(n) Ayiti. Donk, moun konte sou itilizasyon chabon an kòm sous enèji yo bezwen.

Pwofesè Gerald Murray, yon antwopològ ameriken ki te viv Tomazo pandan dizan, adrese pwoblèm ekolojik la an(n) Ayiti nan kèk rechèch li pibliye. Ansanm ak kèk òganizasyon etranje, li te patisipe nan plantasyon yon milyon pyebwa nan peyi a. Poutan, nan yon konferans li bay nan inivèsite *Massachusetts-Boston* nan kòmansman 80 yo, li mansyone ke sa fè lapenn lè moun koupe nan pyebwa sa yo pi devan pou fè chabon – menm sa yo ki pote fri. *Poukisa yo fè sa?* Yo pa gen chwa; yo pa kapab konte sou agrikilti ankò; se yon bagay ki trè pòv, pa gen irigasyon, pifò moun pa gen tè pou travay e pa gen machin pou travay tè nonplis.

Imigrasyon ayisyen akòz yon agrikilti ki pòv –

Poukisa pifò Ayisyen ap eseye kite Ayiti? Repons lan ta gen pou wè ak yon *SISTÈM AGRIKILTI KI PÒV*. Si n ap gade kèk zòn, tèlke pa egzanp zòn nòdwès la, kondisyon tè nan zòn sa a ta parèt ensifizan pou sipòte yon popilasyon ki gen anpil moun. Majorite vejetasyon nan kèk zòn ta yon seri plant nou wè nan dezè, tankou chandelye ak lòt plant ki gen pikan ki ta kouvri kolin yo epi ki ta rann li trè danjre si w ta elwaye w kèk mètr de chemen yo. Yon sèten pousantaj nan popilasyon an ta aktif nan sa ke n ta wè kòm yon swaf pou fè chabon ak tout bwa yo ta jwenn, enkli chandelye tou. Apa ravaj kabrit yo fè, jeneralman afè fè chabon an se youn nan bagay prensipal nan koz debwazman.

Donk la a, nou pa ka mete *edikasyon* de kote, men ankò sa depan kijan nou apwoche l (nou ka wè *edikasyon* an nan nivo agrikilti tou; pa egzanp, *edike peyizan pou pwoteje tè yo, kijan pou travay li, kisa pou plante oubyen kiltive nan ki zòn, pwoblèm debwazman an, epi kisa k ka fèt pou ralanti vitès li*). An rezime, nou ka di: *edikasyon* alawonnbadè nan agrikilti tou.

Lè peyizan pa gen tè pou travay, pa gen irigasyon pou awoze ti moso tè yo genyen, pri manje monte bwa e sa fè pati de sa yo rele *lavichè* (3), yo pa gen chwa ke kite zòn riral yo epi al konble nan Pòtoprens. Lè yo rive la, yo gen espwa jwenn yon bagay, tèlke yon travay nan kèk faktori e si yo pa jwenn li, anpil pral Sendomeng ilegalman pou travay nan chan kann, kafe, travay nan konstriksyon oubyen eseye pran kanntè lage kò yo Miyami, kote yo riske vi yo mouri nan lanmè.

Si ta gen yon pwogram radikal nan *agrikilti*, se t ap revè pwoblèm sa yo; sètadi: Ayisyen ki sot an pwovens yo ki an transit nan Pòtoprens pou lavi miyò ta retounen lakay yo al travay tè, kote yo ta gen aksè a irigasyon, angrè, machin pou ede yo raboure tè epi yo ta patisipe nan aktivite agrikiltirèl ki ta ba yo okipasyon.

Lè n gade *agrikilti* e absans zouti pou travay tè, pa egzanp pifò travay agrikilti nan zòn nòdwès Ayiti se yon bagay ki fèt ak men. Menm itilizasyon bourik ak bèf pou rale ekipman pou raboure tè se yon bagay ki ra paske n ap sèlman wè moun k ap rale hou. Nan lòt zòn, zòn trè pwodiktif pou diri kouwè zòn Lestè a (ki sitiye nan nò Pòtoprens), kiltivatè yo se ak men y ap ranmase diri nan labou a. Kiltivatè nan zòn nòdwès la trè entelijan e yo gen pasyans nan sèvi ak hou, manchèt pou fè travay sa yo.

Si kiltivatè yo ta rive gen zouti nesèsè pou travay, yo ta kapab pwodui manje non sèlman pou tèt yo men tou pou al vann nan mache lokal yo pou ta jwenn lajan yo bezwen pou lòt bagay; sa ta kreye aktivite pou yo, ba yo okipasyon. Kounyeya, pou sa ta fèt, fòk ta gen lidè ki gen yon vizyon jeneral pou devlopman peyi a.

Gen anpil bagay tou nou kapab ajoute anba *agrikilti*: tèlke *elvay*, *lapèch*, *rebwazman*, elatriye, tout yon pwogram nasyon al ki ta ka an plas pou sibvansyone gas pou fè manje; sa ta dekouraje debwazman, patikilyèman pou fè chabon. Lafimen k ap boule a se yon pwazon pou sante moun e pou anviwonman an tou.

Nou mansyone *elvaj* anba agrikilti; bèt yo tou ap sibi anpil pwoblèm Ayiti, pwoblèm ki te ka solisyone ak ti kras lajan pou ede kiltivatè. Yo ta dwe pran an konsiderasyon tout pwoblèm sa yo si ta vin gen yon vrè pwogram k ap ede nan devlopman agrikilti. *Elektrisite*, yon koze enpòtan ke n pa ka kite dèyè, ta jwe yon wòl enpòtan tou kote l te ka sove lavi anpil bèt nan ede konsève yon seri pwodui famasetik pou yo.

Sou menm koze *elvaj* la, nou bezwen yon bonjan pwogram ki ta retounen ak *kochon kreyòl* yo ki te konsidere depi lontan kòm kolòn vètebral ekonomi peyizan yo. Men malerezman, abatay yo nan ane 80 yo (yon bagay ki pa t reyèlman nesèsè, te fèt kanmèn sou presyon Etazini) te flanke peyizan ayisyen yon bèl sabò. Majorite nan yo pa t grandon (ki posede anpil tè), donk yo pa t gen pwodui pou ta vann pou antre lajan apa de *kochon* yo ki ta sèvi yo lajan kach e mèm bank yo.

Selon kèk obsèvatè, peyizan yo ta pèdi yon montan de \$600 milyon dola apre jenosid sa a ki koze 30% timoun nan milye riral pa ale lekòl. Konsomasyon pwoteyin te desann rapidman nan milye riral an(n) Ayiti; sa te devaste ekonomi peyi a, epi l kite yon efè negatif sou agrikilti. Donk nou kapab wè klè enflyans politik entènasyonal sou Ayiti, pase desizyon pou te elimine *kochon kreyòl* yo se yon bagay ki te soti dirèkteman kay Tonton Sam sou pretèks yo ta gen *lafyè v pòsin* e ke yo ta transmèt li nan endistri *kochon* nan Amerik la; sa ta gen yon gwo efè sou ekonomi global la. Donk, fòk *kochon* sa yo te eradike. Yo te pwomèt peyizan yo ke yo ta ranplase *kochon kreyòl* yo pa yon nouvo ras, sa yo rele *grimèl* yo (2). Men anpil nan nou gen yon ide deja ki pwoblèm nouvo *kochon* yo vin koze nan kad

E. W. Védrine – «Agrikilti ta dwe premye sib nan devlopman Ayiti»

adaptasyon; pa egzantp, fò w ba yo dlo pwòp pou bwè, enpòte manje pou yo, fè kay espesyal pou yo rete.

Ann gade yon pwezi sou jenosid kochon yo:

Kote kochon kreyòl yo?

*Zòt soti kote l soti, vin
Di nou yo gen lafyèv pòsin
Yon konbinezon matyavèl
Pou peyizan, move nouvèl.*

*Yo ban nou kochon grimèl yo
Pou n toujou rete esklav yo
Se vre yo di n analfabèt
Men nou konnen ke nou pa bèt.*

(Emmanuel W. Védrine)

Anons refòm agrè sou gouvènman Preval la –

Bon, anons sa a te parèt kòm yon bon nouvèl, youn ki te chaje ak espwa pou peyizan men an(n) Ayiti bagay yo pi fasil pou di nan bouch ke yo tounen reyalite. Pou Preval, se yon bagay ki ka fèt paske tè a se rasin pouvwa. Men, *ki valè tè*, se yon kesyon enpòtan pou n poze. Yo toujou konsidere Ayiti kòm yon peyi esansyèlman *agrikiltirèl* (oubyen ekonomi l ta baze sou agrikilti) kote yon wot dansite nan popilasyon ta rete nan milye riral. Eseye distribiye kèk moso tè bay peyizan ki pa genyen (te nan ajannda INARA - *Institut National de la Réforme Agraire*) pa reyèlman solisyone pwoblèm yo. Sèk visye sa a pa reyèlman kraze lè pa egzantp gen mòtalite nan kèk fanmi, se moso tè a yo vann pou kapab peye depans lanmò a. Kandida pou achte tè sa

a lè konsa toujou pran avantaj de sikonstans mòtalite a, kote yo ofri lajan davans pou ede fanmi defen an. Yon lòt gwo pwoblèm ankò, se pwoblèm *eritye* yo kote kèk moun ki pa manm imedyà fanmi an kapab eritye moso tè sa a tou. Donk vann moso tè sa a san konsiltasyon ak modòd tout eritye yo, sa ka koze batay ant fanmi, e kapab menm bay nesans a tout sòt pwoblèm tankou batay sansès, tounen ènmi youn lòt pou lavi e menm lanmò nan kèk ka. Pou evite yon pwoblèm konplèks konsa (nan eseye idantifye mèt tè epi distribye moso a moun ki pa genyen), li ta pi bon e pi saj pou idantifye tè ki apateni a *leta*, tè yo ta sezi ilegalman (patikilyèman pandan rejim Divalye a) epi anplwaye peyizan pou travay yo). Peyizan ki san tè yo, yon fason, ta ka vann travay yo a leta oubyen travay anpeyan epi leta li menm, an retou ta ka founi yo lojman, lekòl pou pitit yo, sosyal sekirite, pwogram sante pou sityasyon sosyal e ekonomik yo ki frajil. Jis gen ide pou separe kèk moso tè bay kèk moun ki nan bezwen pa reyèlman solisyone pwoblèm lan (lè pa gen irigasyon, machin pou travay tè, epi depi gen yon mòtalite nan fanmi an, fò yo vann tè sa a).

Kijan kèk moun ta wè devlopman *agrikilti* an(n) Ayiti –

Nan ribrik sa a, nou ka mansyone tè leta te ka itilize nan devlopman pwodiksyon ki ta konbat malnitrisyon. Pwodiksyon sa a ta founi sistèm kafeterya a ki ta pral ouvri nan sektè prive e piblik yo (ak yon sistèm jesyon ki te ka travay ansanm). Pwodiksyon agrikiltirèl sa a ta pèmèt kreyasyon travay pou moun tankou: kiltivatè, sa yo ki gade bèt, ki gade (bèf k ap bay lèt), moun ki travay nan sektè transpòtasyon an. An mèm tan, kafeterya sa a ta fonksyone kote l ta bay paran ak elèv travay, travay tankou fè manje, lave

vesèl, ak yon seri travay ki relye. Sa ta yon sektè nan vizyon devlopman agrikilti a.

Nan yon pi gwo vizyon, premyèman nou kwè ke yon chwa nan pwodiksyon ta dwe fèt. Nou ka poze kesyon sa yo: *Èske se pwodiksyon pou mache entènasyonal? Èske se pwodiksyon pou satisfè manje nesèsè yon moun bezwen?* Se tout yon seri kesyon ki anchene ak politik paske gen bonjan enterè ki kache dèyè kèk nan opsyon sa yo.

Men youn nan bagay ki ta atire atansyon nou, se ta wè *bezwen de baz yo*. Lè n elabore sou ide yon edikatè ayisyen, pwofesè Luc Rémy (baze sou yon entèvyou ak li), koze a se youn ki *politik* e ki ta mande yon *chanjman kalitatif e kantitatif* nan sistèm agrikilti an(n) Ayiti (swa chanjman sektoryèl ou global, fòk yo ta pase atravè yon pwosesis lidèchip politik ki ta defini klèman estrateji l vle suiv e youn ki gen an plas yon seri ekip teknisyen konpetan). Politikman palan, se yon bagay ki klè, ki gen yon travay sansiv pou angaje yo pou leve defi pou chanjman e pou menm refè sistèm agrikiltirèl peyi a. Se tout yon pwojè ki ta dwe santre sou bonjan politik ki ta premyèman la pou devlope yon *plan kadastral* (5) dekwa pou yo reyèlman konnen: kilès ki mèt tè yo? ki valè tè ki apateni a leta? ki valè k pou sektè prive a? e kilès ladan yo ki san mèt? **Dezyèmman**: nou ta sijere pou ta gen bonjan lwa ki gouvènè sa, taks pou ta peye sou pwodui agrikiltirèl yo e zouti pou travay tè. Moun k ap koze pwoblèm sou tè ta dwe jwenn pinisyon yo. Atoufè k ap vòlè tè e ki toujou vle pou gen tout bagay, enben sa ta dwe fini. **Twazyèmman**: defini epi mete an plas fòm ak enèji ki kapab pèmèt konsèvasyon yon seri pwodui pou komèsyalizasyon e distribisyon ki kapab fèt soulechan paske pa kapab gen bonjan agrikilti san enèji; pa kapab gen

pwodui agrikiltirèl pou rive jwenn tout sektè nan popilasyon an toutan san enèji. Si gen bonjan teknik ki egziste pou prezève pwodui k ap peri yo, tankou: bannann, chadèk, kowosòl, mango, mayi vèt, pwa, zaboka, zoranj, elatriye. **Katriyèmman:** kreyasyon yon pwodiksyon agrikiltirèl espesyal. **Senkyèmman:** prepare teknisyen. **Sizyèmman:** devlope yon politik pou pwodiksyon agrikiltirèl (kredi a to ki ba, bousdetid pou pitit peyizan al etidye nan lekòl agrikilti ki pou prepare yo nan aspè agrikòl tankou: pwodiksyon lèt, elvay, pwodiksyon po bèt, elatriye. **Setyèmman:** batay kont pwodui agrikiltirèl pèpè k ap soti nan peyi etranje, fè sa ak yon politik ki gen pou wè ak regularizasyon dwanyè e sèten kritè ki gen pou wè ak sanitasyon ak lòt kritè ki pa baze sou taks, yon fason entelijan pou jwe jwèt *World Trade Organization* (Òganizasyon Mondyal sou Komès) pou l pa ta frape nou ak yon seri sanksyon si nou ta konsantre n sou yon politik *proteksyonis agrikiltirèl*. **Uityèmman:** òganize konstamman yon seri *FAIRS* (espozisyon) pou pwomote pwodui nou yo. **Nevyèmman:** eseye chanje langaj moun, lekòl ak medya a nan fason y ap pale sou agrikilti e sou peyizan, valorize nouvel sou pèfòmans agrikiltirèl, montre pwodui nou yo, siksè nou nan televizyon e nan jounal. **Dizyèmman:** modènize epi mete ajou liv nou yo dekwa pou esplike klèman e konkrètman sistèm agrikiltirèl nou an, wòl li nan ekonomi, rezo pwodiksyon e kijan kapital sikile atravè yo; sètadi, fè sa yon fason pou travay enfòmèlman sou agrikilti kote pou n anseye timoun yo e tout peyi a kijan pou panse sou ekonomi agrikiltirèl epi entwodui l nan korikilòm lekòl.

Pou konkli, devlopman agrikilti atravè Ayiti ta premye pa nan devlopman peyi a. Se ta meyè fason pou ralanti flo migrasyon ayisyen vè lòt peyi nan Amerik la; pa egzanp, sa ta diminye anpil sou nonb peyizan ayisyen k ap

travèse fwontyè ilegalman pou al Nanpanyòl, yon fenomèn ki sipòte tout yon machè nwa dèyè l. Ralantisman sa a tou ta youn ki pi enpòtan pou kòmanse chanje vizaj Ayiti paske devlopman sa a ta kreye aktivite pou 80% (katreven pou san) nan popilasyon an ki depann de li. Peyizan nou yo pa ta bezwen al konble kò yon an Pòtoprens, yon kapital ki chaje deja ak polisyon, kote pou y al kanpe an liy dèyè yon ti djòb nan faktori ki pa menm peye \$4 US pa jou. Yo ta retounen nan pwovens yo pou al travay, oubyen angaje yo nan yon seri aktivite agrikiltirèl kèlkonk. Konsa, yo pa t ap bezwen riske vi yo nan pran kanntè pou lage kò yo Miyami, lòt zile nan Karayib la dekwa pou amelyore kondisyon vi yo.

REFERANS

«Konvèsasyon ak Luc Rémy, yon edikatè ayisyen». Me 2004.

«Land and agriculture». <http://ayiti.com/land/>

MC GEEHIN, Michael T. «Haiti's Environmental Problem: An Alternative Discourse». <http://www.clubs.psu.edu/up/phaiti/mcgeehin.htm>

«Peace Brigades International – Haiti». <http://www.peacebrigades.org/haiti/hap98-01.html>

«Tèt kole ti peyizan ayisyen». <http://haitisupport.gn.apc.org/Tetkole.htm>

VÉDRINE, Emmanuel W. «Agriculture: the first target for Haiti's development». June 2004.

VÉDRINE, Emmanuel W. «16 Pwen pou ede Ayiti bouje». <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/pwen.html>

VÉDRINE, Emmanuel W. «Duvalier, Aristide même combat». <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/duvalier.html>

VÉDRINE, Emmanuel W. «Haiti and the destruction of nature». <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/ravaje.pdf>

E. W. Védrine – «Agrikilti ta dwe premye sib nan devlopman Ayiti»

VÉDRINE, Emmanuel W. «Investing In Haiti's Development». <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/envesti.html>

VÉDRINE, Emmanuel W. «Kote kochon kreyòl nou yo?». <http://www.tanbou.com/1199Pwezi.htm>. (Poetry).

VÉDRINE, Emmanuel W. «Quelques plantes créoles et leurs noms en latin». <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/plant.html>

VÉDRINE, Emmanuel W. *Sezon sechrès Ayiti*. (roman) <http://www.palli.ch/~kapeskreyol/bibliographie/vedrine/sezon.pdf>. Soup To Nuts Publishers. Cambridge, MA. 1994.

NÒT

1. *Civique et morale*. Liv popilè ki itilize nan nivo mwayen nan lekòl Ayiti.
2. *Kochon grimèl*: refere a koulè kochon sa yo ki sot Etazini pou ta ranplase kochon kreyòl yo (kochon nwa, dyòl long).
3. *Lavichè*: pri tout bagay monte bwa (patikilyèman, pri manje).
4. *Sezon sechrès Ayiti*: youn nan roman ra sou Ayiti ki chita sou pwoblèm peyizan yo.
5. Selon Luc Rémy, yon *plan kadastral* pou Ayiti ta yon operasyon kote leta ta mete enfòmasyon nan achiv li konsènan tout tè: istwa acha yo, mezi yo (lajè sifas yo), kilès ki mèt ki tè, kilès ki pou leta, kilès ki envalid (san mèt), kilès pou kiltive, ki tip agrikilti k ka fèt sou yo, sou ki tè moun ta dwe bati. An brèf, se jis yon dokiman (nan achiv), yon kat jewografik, yon reprezantasyon pou evite anachi, batay ant peyizan pou tè, abi, vòl e sa ki fasilite desizyon k pou pran pou bon jesyon tè a.